


# Bon liyèn se kle lasante




**M**anije ki ak rès manje ka pote gwo kwit, sitou vyann yo, pou tout mikwòb moun ladan yo.  
Lè yon manje tou cho, li pa gen mikwòb.  
Toujou kouvri manje ou deside sere yo, pou mouch pa vini sou yo.



**K**ote yo pare manje yo dwe toujou pwòp. Fòk asyèl, kasri ak chodvè yo pa rete sai nonplis. Fòk tòchon kizim yo byen lave epi mete nan solèy kap touye mikwòb yo.

**L**è ou jete fatra nenpòt kote mouch, ravèt ak sourit ki vini ladan yo pran tout mikwòb yo pote ale nan sa nap sèvi nan kay la. Se pou sa chak fanmi dwe fouye twou pou antere fatra yo.

Tout kominote yo dwe sonje fatra fè anpil mikwòb. Tout moun dwe patisipe nan netwayaj yo. Yo dwe siveye pou bò lakay yo toujou rete pwòp.



# Move liyèn fè mikwòb bay anpil yeye maladi

Jènm mikwòb bay anpil maladi. Dyare se yonn nan yo.

Anpil mikwòb soti nan poujou timoun oswa gran moun yo.

Se pou sa nou dwe pran prekosyon pou mikwòb sa yo pa tonbe nan manje nou, nan veso yo oswa nan men nou. Si sa fèt nou ka trape gwo maladi.

Matyè fokal timoun yo ak pa gramoun yo dwe ale nan latrin. Fòk latrin sa yo toujou netwaye epi fòk bouch yo toujou kouvri.



Timoun kou gramoun yo dwe lave men yo byen pwòp ak dlo ak savon, oswa dlo ak sann dife, chak fwa yo sot fè bezwen yo, anvan yo pare manje, ak lè yo pral manje.

Lè yon moun swiv konedy sa yo, yo evite trape yeye maladi, epi timoun yo pa trape mikwòb tankou vèmin nan vant. Fòk yo konnen tou, yo pa dwe jwe bò latrin, ni kote moun ak bèt yo fè bezwen yo.



Chak jou, nou dwe lave figi nou ak dlo pwòp ak savon. Sa konse nan evite gen jèm mikwòb yo antre nan kò nou. Yo ka mennen rive pote je timoun yo. Pou sa pa rive nou dwe toujou sive si zye ti moun yo byen lave.



Lè yon fanmi toujou konnen ki jan pou l detwi jèm mikwòb nan dlo avan yo bwè l tout moun rete an sante.

Ou ka jwen dlo pwòp nan sous ki byen pwoteje, nan plak nan galon dlo trete. Dlo a ka sanble l pwòp epi li plen mikwòb, se pou sa ou dwe bouyi epi mete l nan veso pwòp ki byen boukte.

